

# 10 MINIT POU REPOUNN KESYON YO

POU DEFINI KIYÈS NOU YE ANTANKE YON NASYON

## Resansman an: Yon koudèy rapid

- Kisa:** Resansman an se lè yo konte tout moun ki abite Ozetazini.
- Kiyès:** Yo dwe konte tout moun ki abite Ozetazini—kit yo se sitwayen kit yo pa sitwayen.
- Ki lè:** Ou pral resevwa kesyonè w la nan mwad mas 2010 swa pa lapòs swa pa livrezon an men pwòp. Yo pral konte kèk moun ki abite nan zòn izole yo an pèsòn.
- Poukisa:** Konstitisyon Etazini an egzije pou yo fè yon resansman nasyonal chak 10 zan pou yo ka konte popilasyon an epi pou detèmine kantite syèj chak eta pral genyen nan Lachanm Reprezantan Etazini an.
- Ki jan:** Fanmi yo dwe ranpli kesyonè yo a epi voye li retounen pa lapòs dèke yo resevwa li. Fanmi ki pa reponn kesyonè yo ka resevwa yon lòt kesyonè nan kòmansman mwad avril la. Travayè resansman yo pral vizite fanmi ki pa retounen kesyonè yo pou yo ka konte yo an pèsòn.

## Yon kontaj konplè:

### Enpòtans Enfòmasyon ki nan Resansman an

- Chak ane, gouvènman federal la repati plis pase \$400 milya dola bay eta ak kominate yo, lajan sa a baze, an pati, sou enfòmasyon ki nan resansman an.
- Yo sèvi ak enfòmasyon ki nan resansman an pou detèmine repatisyon pou magazen ki vann an detay, lekòl, lopital, nouvo pwojè lojman ak lòt etablisman nan kominate a.
- Enfòmasyon ki nan resansman an detèmine fontyè pou distri lejislatif ak distri palmantè eta a ak distri lokal..

## Kesyonè pou Resansman 2010 la:

### Fasil, Enpòtan epi San Danje

- Avèk sèlman 10 kesyon, kesyonè pou resansman 2010 la ap pran apeprè 10 minit pou ranpli l. Yo mande fanmi yo pou yo bay kèk enfòmasyon demografik kle, tankou: Si kote yo rete a se lwe yo lwe l oswa yo te achte l; adrès kay la; ak non, sèks, laj ak ras lòt moun ki abite nan kay la.
- Dapre lalwa, Biwo Resansman an paka pataje respons moun yo bay avèk onkenn moun, menm lòt ajans federal yo ak òganizasyon ki fè respekte lalwa.

# United States Census 2010


Etazini Resansman 2010

## ISTWA RESANSMAN AN

Premye resansman an te fèt an 1790 pou detèmine kantite syèj chak eta ta genyen nan Lachanm Reprezantan Etazini an. Yo te kreye resansman an tou pou yo te ka konprann pi byen kote moun yo te abite epi pou tabli kibò yo te pral bati kay ak mete popilasyon ofiramezi nasyon an tap grandi.

## ENFÒMASYON SOU BIWO RESANSMAN AN

Biwo Resansman an te etabli an 1902. Jodi a, anplis li administre resansman popilasyon ak lojman, Biwo Resansman an fè plis pase 200 sondaj chak ane, tankou Sondaj sou Kominote Ameriken an, Sondaj sou Popilasyon Kouran an ak resansman Ekonomik chak senk an.



Travay nou ap avanse lè ou voye l tounen.

# Resansman 2010

## Kèk Dat Kle

### Fevriye - Mas 2010

Yo voye kesyonè resansman yo pa lapòs oswa yo fè livrezon an men pwòp.

### Mas - Avril 2010

Yo aplike pwogram pou Konte tout Moun lan. Kesyonè pou resansman an disponib nan kèk andwa piblik pou moun ki pa t resevwa youn pa lapòs.

1... 2... 3...

April  
1

### 1ye avril 2010

JOU RESANSMAN

### Me - Jiyè 2010

Travayè resansman yo vizite fanmi ki pa t retounen yon kesyonè pa lapòs.

### 31 desanm 2010

Dapre lalwa, Biwo Resansman an pote kontaj popilasyon an bay prezidan an.

### Mas 2011

Dapre lalwa, Biwo Resansman an fin fè livrezon enfòmasyon sou redekoupaj elektoral bay eta yo.

## Kesyon Moun Poze Souvan.

### 1. Kiyès ki dwe ranpli kesyonè pou resansman an?

R. Moun ki lwe kay la oswa ki achte kay la dwe ranpli kesyonè a pou chak moun ki abite nan kay la, kit moun nan se fanmi kit li pa fanmi mèt kay la.

### 2. Ki jan Resansman 2010 la diferan de lòt resansman ki konn fèt déjà?

R. An 2010, chak kay pral resevwa yon kesyonè tou kout ki gen sèlman 10 kesyon. Yo pral mande yon ti pouvantaj nan popilasyon an nan Sondaj anyèl sou Kominote Ameriken an kèk enfòmasyon sosyoekonomik ki pi detaye yo te kolekte déjà nan resansman chak dizan yo. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Sondaj sou Kominote Ameriken an, vizite [www.census.gov](http://www.census.gov).

### 3. Ki jan yo itilize enfòmasyon yo jwenn nan resansman an?

R. Enfòmasyon nan resansman an detèmine kantite syèj chak eta pral genyen nan Lachanm Reprezantan Etazini an. Enfòmasyon nan resansman an ede detèmine tou repatisyon fon federal pou sèvis nan kominote a, tankou pwogram manje nan lekòl ak sant pou moun aje yo, ansanm ak nouvo konstriksyon, tankou otowout ak lopital.

### 4. Ki kalite asistans ki disponib pou ede moun ranpli kesyonè a?

R. Gid pou asistans nan lang pou kesyonè Resansman 2010 la disponib nan yon kantite lang. Sant Asistans pou Kesyonè yo (Questionnaire Assistance Centers - QAC) pral ede moun ki pa kapab li oswa konprann kesyonè a. Kesyonè an gwo karaktè ap disponib pou moun ki gen pwoblèm vizyon lè yo fè yon demann, epi yon pwogram Aparèy Teletèks pou moun ki Soud yo (TDD) pral ede moun ki gen pwoblèm tandem. Kontakte Sant Resansman Rejyonal ou a pou plis detay konsènan kalite asistans ki disponib ak ki kote QAC yo ye.

### 5. Ki jan Biwo Resansman an konte moun ki pa gen yon kay pèmanan kote yo rete?

R. Travayè Biwo Resansman an fè anpil efò pou yo konte mounki abite an gwoup, tankou dòtwa nan etablisman eskolè, dòtwa militè, kay retrèt ak abri, ansanm ak moun ki deplase akoz katastwòf natirèl.

Pou plis enfòmasyon sou Resansman 2010 la,  
ale nan [2010census.gov](http://2010census.gov).

